



Konprann Sistèm done pwogram Entèvansyon Bonè a

Biwo Developman Timoun ak Aprantisaj Bonè (ann anglè Office of Child Development and Early Learning - OCDEL), atravè Biwo Sèvis Entèvansyon Bonè a, sèvi apeprè 79,000 tibebe, timoun piti ak timoun preskolè ki gen reta nan devlopman epi/oswa andikap depi yo fèt jiskaske yo rive nan laj pou al lekòl. Yo itilize sistèm jesyon enfòmasyon elektwonik pou yo kenbe dosye endividiyèl timoun ki nan pwogram Entèvansyon Bonè a (ann anglè Early Intervention - EI).

Kisa Sistèm done pwogram Entèvansyon Bonè a ye?

PELICAN (Antrepriz Pennsilvani ki lye enfòmasyon pou timoun atravè rezo yo) se non sistèm jesyon enfòmasyon OCDEL la. Yo itilize l pou jere tout dosye timoun k ap resevwa sèvis EI atravè Commonwealth la. Enfòmasyon yo antre nan sistèm PELICAN an baze sou enfòmasyon fanmi yo bay kowòdonatè sèvis yo oswa fournisè sèvis Entèvansyon Bonè sou pitit yo atravè konvèsesasyon, korespondans ak reyinyon yo. Sistèm PELICAN an gen ladan l:

- Enfòmasyon demografik sou timoun yo, sa vle di non, adrès, enfòmasyon kontak, dat nesans elatriye.
- Enfòmasyon sou evalyasyon
- Enfòmasyon sou woutin ak aktivite fanmi an pou OCDEL kapab matche sèvis yo ak anviwònman natirèl timoun nan
- Plan Sèvis pou Fanmi ki Pèsonalize (ann anglè Individualized Family Service Plan - IFSP) ak Pwogram Edikasyon Pèsonalize (ann anglè Individualized Education Programs - IEP)
- Plan tranzisyon yo

Pou asire se yon sèl nimewo idantifikasiyon yo bay chak timoun, pwogram EI a pral mande fanmi yo pou yo bay nimewo sekirite sosyal timoun nan (ann anglè Social Security Number - SSN). SSN timoun nan asire bon jan idantifikasiyon enfòmasyon yon timoun, sitou si li deja egziste nan lòt sistèm done nan tout eta a. Sa anpeche fanmi yo bay menm enfòmasyon yo plizyè fwa. Sepandan, li pa obligatwa pou bay SSN timoun nan pou l resevwa sèvis EI yo.

Poukisa yo kolekte enfòmasyon yo nan yon sistèm done?

Yo kolekte enfòmasyon sou timoun yo pou pèmèt yon jesyon efikas pwogram nan ak responsabilite ki gen ladan l:

- Evalye efikasite pwogram ak sèvis EI yo nan sipòte timoun ak fanmi yo onivo eta a ak onivo lokal
- Idantifye pi bon pratik ak domèn pou gen amelyorasyon nan nivo eta a
- Ranpli rapò eta a ak otorite federal yo di ki obligatwa
- Fè pèman fournisè yo.

Ki avantaj yon sistèm done elektwonik genyen pou fanmi yo?

Fanmi yo pap oblige bay menm enfòmasyon an plizyè fwa pandan y ap deplase atravè pwogram EI a. Yo pral bay chak dosye timoun ki nan sistèm jesyon enfòmasyon yon nimewo idantifikasiyon. Sa vle di, chak timoun k ap resevwa sèvis yo ap gen yon sèl dosye nan sistèm done a atravè tout eta a, kèlkeswa fason yo te antre nan sistèm nan oswa ki sèvis yo resevwa.

Kenbe dosye timoun yo atravè yon sistèm jesyon enfòmasyon pèmèt dosye a aksesib pou ekip IFSP/IEP li a. Li pèmèt tou yon bon echanj enfòmasyon lè yon timoun nan tranzisyon pou l soti nan yon pwogram al nan yon lòt, paske yo ka pataje dosye timoun nan byen vit avèk yon nouvo pwogram (avèk konsantman paran).

(vire paj la)

Sistèm done yo ankouraje epi asire:

- Sèvis kalite pou timoun
- Pwogram responsabilizasyon pou asire yo itilize tout resous yon fason ki saj epi ki efikas
- Prevwa davans bezwen yo k ap chanje
- Done ki gen ant pwogram yo ap kontinye.

Kiyès ki gen aksè nan enfòmasyon sou yon timoun?

Enfòmasyon timoun nan ki nan sistèm jesyon enfòmasyon an rete konfidansyèl e se sèlman moun ki otorize ki pral gen aksè nan dosye yo, an amoni ak lwa federal ak lwa eta a sou konfidansyalite, lavi prive ak sekirite yo. Pwotòkol sekirite yo pwoteje done ki nan sistèm PELICAN an, sa ki egzise sèvè ki sekirize e ki kode, ki gen non ki inik ak modpas ki difisil pou moun devine ak wòl itilizatè ki asiyen wòl ak aksè sekirite ki espesifik. Sa vle di:

- Se sèlman anplwaye ki ap travay dirèkteman ak yon timoun byen presi k ap gen aksè nan enfòmasyon sou timoun sa a.
- Pèsonèl eta a gen aksè limite ak enfòmasyon sou timoun nan e se sèlman nan objektif pou siveye si yo bay sèvis EI yo.
- Yo pa pral pataje enfòmasyon sou yon timoun ki andeyò yon pwogram, sof si lalwa pèmèt sa epi/oswa paran yo bay konsantman yo.
- Fanmi yo gen dwa enspekte epi egzamine dosye EI yo ki konsène pitit yo epi mande yon modifikasyon si gen enfòmasyon ki pa egzak nan dosye a. Yon kopí dosye timoun nan disponib tou pou fanmi yo si yo mande sa e y ap kenbe l pou yon peryòd katran.
- Jan lalwa pèmèt sa, pou pèmèt tranzisyon, y ap pataje ak pwogram entèvansyon bonè preskolè a, non yon timoun, dat nesans li ak kontak paran, pandan yon ane tranzisyon pou ede nan objektif pou fè planifikasyon.

Ki moun fanmi yo ta dwe kontakte si yo gen kesyon sou dosye pitit yo nan sistèm done sa yo?

Fanmi yo ta dwe rele Sevis Kowòdinatè yo a, Pwofesè/Terapis oswa Sipevisè EI Preskolè si yo gen enkyetid konsènan koleksyon enfòmasyon sou timoun nan PELICAN. Si nenpòt kilè, ou santi yo pa kenbe konfidansyalite a, fanmi yo ka depoze yon plent bay OCDEL le yo rele nan 717-346-9320.